

BOUYON

Plan 5 Ane PHA (pou tout PHA)	Depatman Lojman ak Developman Iben Etazini Biwo Lojman Piblik ak Lojman Endyen Tradiksyon ofisyèl	Nim. OMB 2577-0226 Ekspirasyon: 31/03/2024
--	--	---

Objektif. Plan 5 Ane ak Plan Anyèl PHA yo (Ajans Lojman Piblik) mete an plas yon sous tou pare pou pati ki enterese yo kapab jwenn politik, règ, ak egzijans fondamental PHA yo konsènan fonksyònman, pwogram, ak sévis PHA a, epi yo bay HUD, fanmi PHA a desèvi yo, ak manm piblik la enfòmasyon sou misyon, bi, ak objektif PHA a pou reponn a bezwen fanmi ki gen revni fèb, revni trè fèb, ak revni ekstrèmman fèb.

Aplikabilite. Tout PHA dwe ranpli **Fòm HUD-50075-5Y** yon fwa chak 5 ane fiskal PHA.

A.	Enfòmasyon Ajans Lojman Piblik la (PHA).																								
A.1	<p>Non PHA a: <u>Konte Miami-Dade pa mwayen e atravè Lojman Piblik ak Developman Kominotè (PHCD)</u> Kòd PHA a: <u>FL005</u></p> <p>Plan PHA pou ane fiskal ki kòmanse: (MM/AAAA): <u>10/2024</u> Peryòd 5 ane Plan an (sètadi 2019-2023): <u>2024-2028</u></p> <p>Kalite Soumisyon Plan PHA: <input checked="" type="checkbox"/> Soumisyon Plan 5 Ane <input type="checkbox"/> Soumisyon Plan 5 Ane Revize</p> <p>Disponiblite Enfòmasyon. Anplis de done ki make nan fòm sa a, PHA yo dwe genyen eleman ki nan lis anba la a disponib pou piblik la. Yon PHA dwe idantife nan ki lokal espesifik kote moun kapab jwenn Plan PHA li pwopoze a, Eleman Plan PHA a, ak tout enfòmasyon ki an rapò ak odyans piblik la ak Plan PHA li pwopoze a pou piblik la enspekte. Met sou sa, PHA a dwe bay enfòmasyon sou ki mwayen piblik la ka jwenn enfòmasyon adisyonèl yon fason rezonab sou politik PHA a ki nan Plan Anyèl estanda a, men ki pa fè pati soumisyon senplifye li bay la. O minimòm, PHA yo dwe afiche Plan PHA yo, ansanm ak mizajou yo nan chak Pwojè Jesyon Byen (AMP) ak nan biwo prensipal oswa biwo santral PHA a. Nou ankouraje PHA yo afiche Plan PHA ki konplè yo sou sit entènèt ofisyèl pa yo. Nou ankouraye PHA yo tou pou yo bay chak konsèy rezidan yon kopi Plan PHA yo genyen yo.</p> <p>Yo te pibliye avi piblik la pou peryòd kòmantè ak odyans piblik la nan The Miami Herald (pi gwo journal sikilasyon jeneral chak jou), The Miami Times (pi gwo journal Afriken-Ameriken), El Nuevo Herald (journal nan lang panyòl), ak Le Floridien (journal ayisyen) and beginning on February 15, 2024, on PHCD's website: https://www.miamicidade.gov/global/housing/notices.page.</p> <p>Yo te bay chak manm Konsèy Rezidan an Plan 5 ane pwopoze a epi yo te disponib pou enspeksyon nan chak Pwojè Jesyon Byen, biwo administratif, ak sit entènèt. Plan 5 Ane sa a te disponib tou an Angle, Panyòl ak Kreyòl. Odyans piblik la pou dokiman sa a pral dwe fèt 8 avril 2024, devan Komite Lojman, Rekreyasyon, Kilti, ak Developman Kominotè (HRCCD).</p> <p><input type="checkbox"/> Konsòsyòm PHA: (Tcheke ti kare a si se yon Plan PHA an Komen w ap soumèt epi ranpli tablo sa a.)</p> <table border="1" style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <thead> <tr> <th rowspan="2">PHA ki ap patisipe yo</th> <th rowspan="2">Kòd PHA a</th> <th rowspan="2">Pwogram ki nan Konsòsyòm lan</th> <th rowspan="2">Pwogram ki pa nan Konsòsyòm lan</th> <th colspan="2">Kantite Inite nan Chak Pwogram</th> </tr> <tr> <th>PH</th> <th>HCV</th> </tr> </thead> <tbody> <tr> <td>PHA Prensipal:</td> <td></td> <td></td> <td></td> <td></td> <td></td> </tr> <tr> <td></td> <td></td> <td></td> <td></td> <td></td> <td></td> </tr> </tbody> </table>					PHA ki ap patisipe yo	Kòd PHA a	Pwogram ki nan Konsòsyòm lan	Pwogram ki pa nan Konsòsyòm lan	Kantite Inite nan Chak Pwogram		PH	HCV	PHA Prensipal:											
PHA ki ap patisipe yo	Kòd PHA a	Pwogram ki nan Konsòsyòm lan	Pwogram ki pa nan Konsòsyòm lan	Kantite Inite nan Chak Pwogram																					
				PH	HCV																				
PHA Prensipal:																									

B O U Y O N**Tradiksyon ofisyèl**

B.	Eleman Plan an. Obligatwa pou <u>tout</u> PHA ki ap ranpli fòm sa a.
B.1	<p>Misyon. Deklare misyon PHA a pou reponn a bezwen fanmi ki gen revni fèb, revni trè fèb, ak revni ekstrèmman fèb ki nan jiridiksyon PHA a pou senk ane ki pral vini yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> Nou menm, anplwaye Konte Miami-Dade ak depatman lojman li a, Lojman Piblik ak Developman Kominotè (PHCD), gras a efò kolektif nou pou nou amelyore kominote sa a yon fason ki pozitif e pi byen sèvi li avèk entegrite, swen, estanda etik elve, ak konpetans, nou pran angajman pou nou bay rezidan ki gen revni fèb, revni trè fèb, revni ekstrèmman fèb ak revni modere nan Konte Miami-Dade: Plizyè opòtinite lojman abòdab. Aktivite revitalizasyon ak stabilizasyon katye. Patenarya avèk antite prive, antite piblik pou fè resous yo bay meyè rannman posib gras a pwogram inovasyon. Jesyon resous yo yon fason ki efikas, konfòm e ki bay rezulta.
B.2	<p>Bi ak Objektif. Identife bi ak objektif mezirab PHA a ki va rann PHA a kapab reponn a bezwen fanmi ki gen revni fèb, revni trè fèb, ak revni ekstrèmman fèb pou senk ane ki pral vini yo.</p> <p><u>Ale nan Anèks 1</u></p>
B.3	<p>Rapò Pwogrè. Mete yon rapò sou pwogrè PHA a gentan fè pou atenn bi ak objektif ki dekri nan Plan 5 Ane avan an.</p> <p><u>Ale nan Anèks 1</u></p>
B.4	<p>Objektif Lwa sou Vyołans Kont Fanm (VAWA). Bay yon deklarasyon sou bi, aktivite, objektif, politik, oswa pwogram PHA a ki pral pèmèt PHA reponn a bezwen timoun ak granmoun ki viktim vyołans domestik, vyołans mennaj, agresyon seksyèl, oswa asèlman.</p> <p><u>Ale nan Anèks 1</u></p>
C.	Egzijans pou Lòt Dokiman ak/oswa Sètifikasyon
C.1	<p>Amannman oswa Modifikasyon Enpòtan. Bay yon deklarasyon sou kritè ki sèvi pou detèmine yon amannman oswa modifikasyon enpòtan nan Plan 5 ane a.</p> <p>A. Aksyon sa yo va konsidere kòm yon Amannman oswa Modifikasyon Enpòtan nan Plan Senk Ane a oswa nan Plan Ànyèl la:</p> <ul style="list-style-type: none"> Yon chanjman ki ta gen gran efè sou lwave oswa sou règleman admision oswa òganizasyon lis datant PHCD a Gran ogmantasyon eleman travay ki pa ijan ki pa nan Deklarasyon Ànyèl Pwogram Fon Kapital yo. Yon eksepsyon a definisyon sa a pral fèt pou tout nouvo aktivite ke yo adopte pou reflete chanjman nan kondisyon reglemantasyon HUD oswa kòm yon rezulta yon ijans deklare (chanjman sa yo pa pral konsidere kòm amannman oswa modifikasyon enpòtan PHCD fè) Tout pwopozisyon demolisyon, eliminasyon, posesyon kay, finansman Fon Kapital, developman, oswa pwojè a finansman miks ki pa idantifye nan plan an.
C.2	<p>Kòmantè Konsey Konsiltatif Rezidan (RAB).</p> <p>(a) Èske RAB la(yo) te gen kòmantè sou Plan 5 ane PHA a?</p> <p>W <input type="checkbox"/> N <input checked="" type="checkbox"/></p> <p>(b) Si repons lan se wi, PHA dwe soumèt kòmantè yo kòm yon pyès atache a Plan PHA 5 ane a. PHA yo dwe mete yon pawòl ki dekri analiz yo fè sou rekòmandasyon RAB yo ak desizyon yo pran apati rekòmandasyon sa yo tou.</p>
C.3	<p>Sètifikasyon Ofisyèl Eta yo ak Ofisyèl Lokal yo bay.</p> <p>Fòm HUD-50077-SL, Sètifikasyon Ofisyèl Eta yo ak Ofisyèl Lokal yo Bay pou Konkòdans Plan PHA yo avèk Plan Konsolide a, PHA a dwe soumèt li kòm yon pyès atache elektwonik a Plan PHA a.</p>
C.4	<p>Soumisyon Obligatwa pou Revizyon Biwo Sikisal (FO) HUD</p> <p>(a) Èske piblik la te konteste kék eleman Plan an?</p> <p>W <input type="checkbox"/> N <input checked="" type="checkbox"/></p> <p>(b) <input type="checkbox"/> <input checked="" type="checkbox"/> Si repons lan se wi, make Eleman Konteste yo.</p>

B O U Y O N

Tradiksyon ofisyèl

D.	Pwomosyon Pozitif Lojman Ekitab (AFFH)						
D.1	<p>Pwomosyon Pozitif Lojman Ekitab. (PHA ki pa kalifye oblige ranpli seksyon sa a nan Plan Ànyèl PHA a sèlman. Tout PHA ki kalifye dwe ranpli seksyon sa a.)</p> <p>Bay yon deklarasyon sou estrateji PHA a avèk aksyon li pou li atenn objektif lojman ekitab yo nan yon Evalyasyon Lojman Ekitab (AFH) aksepte ki konfòm a 24 CFR § 5.154(d)(5) la. Itilize tablo nou ba ou la a. (PHA yo dwe mete tout kantite objektif ki nesèsè pou rezoud pwoblèm lojman ekitab ak faktè ki kontribye a sa.) Toutotan lè a pa rive pou PHA a oblige soumèt yon AFH, PHA a pa oblige ranpli tablo sa a. Sepandan, PHA a va ranpli kondisyon règleman 24 CFR § 903.7(o) a ki te dekrete anvan 17 out 2015. Gade Enstriksyon yo pou plis detay sou fason pou ranpli pati sa a.</p> <table border="1" style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <tr> <td style="padding: 5px;">Objektif Lojman Ekitab:</td> </tr> <tr> <td style="padding: 5px;"><i>Dekri estrateji avèk aksyon lojman ekitab pou atenn objektif la</i></td> </tr> </table> <table border="1" style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <tr> <td style="padding: 5px;">Objektif Lojman Ekitab:</td> </tr> <tr> <td style="padding: 5px;"><i>Dekri estrateji avèk aksyon lojman ekitab pou atenn objektif la</i></td> </tr> </table> <table border="1" style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <tr> <td style="padding: 5px;">Objektif Lojman Ekitab:</td> </tr> <tr> <td style="padding: 5px;"><i>Dekri estrateji avèk aksyon lojman ekitab pou atenn objektif la</i></td> </tr> </table>	Objektif Lojman Ekitab:	<i>Dekri estrateji avèk aksyon lojman ekitab pou atenn objektif la</i>	Objektif Lojman Ekitab:	<i>Dekri estrateji avèk aksyon lojman ekitab pou atenn objektif la</i>	Objektif Lojman Ekitab:	<i>Dekri estrateji avèk aksyon lojman ekitab pou atenn objektif la</i>
Objektif Lojman Ekitab:							
<i>Dekri estrateji avèk aksyon lojman ekitab pou atenn objektif la</i>							
Objektif Lojman Ekitab:							
<i>Dekri estrateji avèk aksyon lojman ekitab pou atenn objektif la</i>							
Objektif Lojman Ekitab:							
<i>Dekri estrateji avèk aksyon lojman ekitab pou atenn objektif la</i>							

B O U Y O N

Tradiksyon ofisyèl

Enstriksyon pou Preparasyon Fòm HUD-50075-5Y - Plan PHA 5 Ane pou tout PHA

A. Enfòmasyon PHA. Tout PHA dwe ranpli seksyon sa a. (24 CFR § 903.4)

- A.1** Mete non komplè PHA a, Kòd PHA a, Ane Fiskal PHA a ki kòmanse (MM/AAAA), Peryòd Senk Ane ke Plan an kouvri a, sètadi 2019-2023, Kalite Soumisyon Plan PHA a, ak Disponibilite Enfòmasyon, lokal espesifik tout enfòmasyon ki an rapò ak odyans lan ak Plan PHA ki pwopozé a.

Konsòsyzòm PHA: (Tcheke ti kare a si se yon Plan PHA an Komen w ap soumèt epi ranpli tablo a.)

B. Eleman Plan an.

- B.1 Misyon.** Deklare misyon PHA a pou reponn a bezwen fanmi ki gen revni fèb, revni trè fèb, ak revni ekstrèmman fèb ki nan jiridiksyon PHA a pou senk ane ki pral vini yo. ([24 CFR § 903.6\(a\)\(1\)](#))

- B.2 Bi ak Objektif.** Idantife bi ak objektif mezirab PHA a ki va rann PHA a kapab reponn a bezwen fanmi ki gen revni fèb, revni trè fèb, ak revni ekstrèmman fèb pou senk ane ki pral vini yo. ([24 CFR § 903.6\(b\)\(1\)](#))

- B.3 Rapò Pwogrè.** Mete yon rapò sou pwogrè PHA a gentan fè pou atenn bi ak objektif ki dekri nan Plan 5 Ane anvan an. ([24 CFR § 903.6\(b\)\(2\)](#))

- B.4 Objektif Lwa sou Vyalans Kont Fanm (VAWA).** Bay yon deklarasyon sou bi, aktivite, objektif, politik, oswa pwogram PHA a ki pral pèmèt PHA reponn a bezwen timoun ak granmoun ki viktim vyalans domestik, vyalans mennaj, agresyon seksyèl, oswa asèlman. ([24 CFR § 903.6\(a\)\(3\)](#))

C. Egzijans pou Lòt Dokiman ak/oswa Sètifikasyon.

- C.1 Amannman oswa Modifikasyon Enpòtan.** Bay yon deklarasyon sou kritè ki sèvi pou detèmine yon amannman oswa modifikasyon enpòtan nan Plan 5 Ane a. Pou w konnen modifikasyon ki se rezulta pwogram Demonstrasyon Asistans Lwaye (RAD), tcheke 'Echantillon Amannman Plan PHA' a ki nan Avi PIH-2012-32, REV 2 a.

C.2 Kòmantè Konsèy Konsiltatif Rezidan (RAB).

- (a) Èske publik la oswa RAB a gen kòmantè?
- (b) Si repons lan se wi, soumèt kòmantè kòm yon pyès atache a Plan an epi dekri analiz kòmantè yo ak desizyon PHA a te fè apati rekòmandasyon sa yo. ([24 CFR § 903.17\(b\)](#), [24 CFR § 903.19](#))

C.3 Sètifikasyon Ofisyèl Eta yo ak Ofisyèl Lokal yo bay.

Fòm HUD-50077-SL, Sètifikasyon Ofisyèl Eta yo ak Ofisyèl Lokal yo Bay pou Konkòdans Plan PHA yo avèk Plan Konsolide a, PHA a dwe soumèt li kòm yon pyès atache elektwonik a Plan PHA a.

C.4 Soumisyon Obligatwa pou Revizyon Biwo Sikisal (FO) HUD

Eleman Konteste yo.

- (a) Èske publik la te konteste kèk eleman Plan an?
- (b) Si repons lan se wi, mete enfòmasyon sa a kòm yon pyès atache a Plan Ànyèl PHA a oswa Plan 5 ane PHA a avèk yon deskripsyon tout kontestasyon kont eleman Plan an, oriјin kontestasyon an, ak repons PHA a bay publik la.

D. Pwomosyon Pozitif Lojman Ekitab.

(PHA ki pa kalifye oblige ranpli seksyon sa a nan Plan Ànyèl PHA a sèlman. Tout PHA ki kalifye dwe ranpli seksyon sa a.)

- D.1 Pwomosyon Pozitif Lojman Ekitab.** PHA a pral itilize blòk repons yo ki nan pwen D.1 an pou bay yon deklarasyon sou estrateji li avèk aksyon li pou l mete an pratik chak objektif lojman ekitab nan Evalyasyon Lojman Ekitab (AFH) li yo aksepte a konfòmeman a 24 CFR § 5.154(d)(5) la ki deklare, nan pati konsène: "Pou mete an pratik objektif ak priorite yo nan yon AFH, estrateji yo avèk aksyon yo va fè pou l Plan ... PHA patisipan nan pwogram nan (ansanm ak tout plan ki enkòpore ladan) ... Estrateji yo avèk aksyon yo dwe fè pwomosyon pozitif pou lojman ekitab..." Itilize tablo ki nan fòm nan pou presize chak objektif lojman ekitab ki nan AFH PHA a, kote PHA a se patisipan responsab nan pwogram nan – kit PHA a te prepare AFH la sèl, oswa en komen avèk yon lòt oswa plizyè lòt PHA, oswa an kolaborasyon avèk yon jiridiksyon Eta a oswa jiridiksyon lokal – epi presize estrateji avèk aksyon pou lojman ekitab PHA a pral mete an pratik yo pandan peryòd Plan PHA sa a kouvri a. Si genyen plis pase twa objektif lojman ekitab, ajoute plis blòk repons selon nesesite a.

Toutotan lè a pa rive pou PHA a oblige soumèt yon AFH, PHA a pap bezwen ranpli seksyon D.; sepandan, PHA a pral okipe de obligasyon li pou li fè pwomosyon pozitif pou lojman ekitab an pati lè li ranpli kondisyon yo ki nan règleman 24 CFR 903.7(o)(3) a ki te dekrete anvan 17 out 2015, ki vle di li egzamine pwòp pwogram li yo oswa pwogram yo pwopozé yo; li idantife tout anpèchman a chwa lojman ekitab nan kad pwogram sa yo; li regle kesyon anpechman sa yo nan yon fason rezonab an konsiderasyon a resous disponib yo, li travay avèk jiridiksyon lokal yo pou mete an pratik tout inisyatyiv jiridiksyon an pou fè pwomosyon pozitif lojman ekitab ki egzije patisipasyon PHA a; epi li mentni dosye ki reflete analiz sa yo avèk aksyon sa yo. Anplis, daprè Section 5A(d)(15) nan Lwa sou Lojman Etazini ane 1937 la, jan li amande a, yon PHA dwe soumèt yon sètifikasyon dwa sivil avèk Plan Ànyèl PHA li, ki gen deskripsyon li nan 24 CFR 903.7(o)(1) eksepte PHA kalifye yo ki soumèt Fòm HUD-50077-CR la kòm yon dokiman poukout li.

Kòlèk enfòmasyon sa yo, li otorize nan Seksyon 511 Lwa sou Lojman bon Kalite ak Responsabilite Travay la, ki te ajoute yon nouvo seksyon 5A nan Lwa sou Lojman Etazini ane 1937 la, jan li amande a, ki entwodui Plan 5 Ane PHA a. Plan 5 Ane PHA a pote misyon, bi, ak objektif PHA a pou reponn a bezwen fanmi ki gen revni fèb, revni trè fèb, ak revni ekstrèmman fèb ak pwogrè ki fèt pou atenn bi ak objektif ki dekri nan Plan 5 Ane anvan an.

Yo estime responsabilite preparasyon rapò publik pou kòlèk enfòmasyon sa a ka pran 1.64 èdтан pa anc pou chak repons oswa 8.2 èdтан pa repons pou chak senk anc, ansambl ak tan pou revize enstriksyon yo, fè rechêch sous done ki egziste déjà, rasanble e mentni done nesesé yo, epi ranpli e revize konpilasyon enfòmasyon yo. HUD ka pa resevwa enfòmasyon sa yo, epi repondan yo pa oblige ranpli fòm sa a, sof si li afiche yon Nimewo Kontwòl OMB ki valab kounye a.

Avi konsènan Lwa sou Konfidansyalite. Depatman Lojman ak Developman Iben Etazini otorize pou li mande enfòmasyon yo mande nan fòm sa a dapre Tit 12, Kòd Etazini, Seksyon 1701 ak lòt seksyon ki vin aprè yo, ak règlementasyon ki dekrete nan kad menm Lwa a nan Tit 12, Kòd Règlementasyon Federal. Repons pou kòlèk enfòmasyon yo nesesé pou jwenn yon avantaj oswa konsève yon avantaj. Enfòmasyon yo mande la a pa sèvi pou konfidansyalite



LOJMAN PIBLIK AK DEVLOPMAN KOMINOTÈ

Anèks 1 pou Plan 5 ane pha (HUD-50075-SY)

Kòd PHA: FL005

Apati Ane Fiskal Ki Kòmanse 10/2024 (2024-2028)

TAB DÈMATYÈ

SECTION B – 5-YEAR PHA PLAN ELEMENTS APPLICABLE TO THE PUBLIC HOUSING PROGRAM 2

SECTIONS B.2- GOALS AND OBJECTIVES	2
I. Increase the availability of affordable housing that reflect HUD and local requirements	2
II. Improve community quality of life and economic vitality	3
III. Promote partnerships with job training and placement organizations	3
IV. Ensure Equal Opportunity in Housing for all Americans	4

SECTION B.3- PROGRESS REPORT

I. Increased the availability of affordable housing that reflect HUD and local requirements.	4
---	---

SECTION B – 5-YEAR PHA PLAN ELEMENTS APPLICABLE TO THE HOUSING CHOICE VOUCHER 6

SECTIONS B.2- GOALS AND OBJECTIVES	6
I. Increase the availability of affordable housing that reflect HUD and local requirements.	Error! Bookmark not defined.

SECTION B.3- PROGRESS REPORT

I. Increased the availability of affordable housing that reflect HUD and local requirements.	7
---	---

PART 3 – PUBLIC HOUSING AND HOUSING CHOICE VOUCHER

SECTION B.4 – VIOLENCE AGAINST WOMEN ACT (VAWA) GOALS.....	8
I. Policy.....	8
II. Assistance for Victims of Domestic Violence, Dating Violence, Sexual Assault or Stalking	8
III. VAWA Goals:.....	8
IV. Miami-Dade County Board of County Commissioners	8

Tradiksyon ofisyèl

1ye Pati – Pwogram Lojman Biblik

SKESYON B – ELEMAN NAN PLAN 5 ANE A KI APLIKAB POU PWOGGRAM LOJMAN PIBLIK LA

SEKSYON B.2- Bi ak Objektif

I. Ogmante disponibilite lojman abòdab ki reflete egzijans HUD ak egzijans lokal.

A. Ogmante kantite lojman ki nan pwogram asistans.

1. Sèvi ak fon prive oswa lòt fon biblik epi/oswa pwodui revni pou kreye plis opòtinite lojman.
 - a) Fè demann finansman, sibvansyon ak lòt opòtinite finansman parèy ki ka vin disponib pou renove epi/oswa kreye plis lojman ak travay ki gen pou wè avèk sa. Verifye enfòmasyon sou chak manm fanmi an gras a Verifikasyon Revni Antrepriz la (ElV) pou wè si yo gen dèt pou lòt otorite lojman ak si yo gen sibvansyon doub.
 - b) Chèche opòtinite ki pote revni pou Lojman Biblik, tankou poto/pilòn antèn telefòn selilè sou pwopriyete lojman biblik, pataj revni frè pwomotè imobilye nan aktivite renovasyon oswa lòt opòtinite ki pote revni ki ka prezante.
 - c) Redwi pòs vid lojman biblik yo. Reyalize epi kenbe nivo lokatè 90% epi fè efò pou pi wo nivo lokatè nan ane siksesif.
2. Achte oswa bati inite oswa devlopman.
 - a) PHCD rezève dwa pou li pibliye Demann Pwopozisyon (RFP), Demann Kalifikasyon (RFQ), Demann Aplikasyon (RFA) ak lòt dokiman demann parèy lè sa nesesè pou atenn plan ak objektif mansyone yo.
 - b) PHCD rezève dwa pou li mete demann demolisyon ak/oswa eliminasyon pou tout sit devlopman ki nan pòtfolyo nou an sou rezèv apwobasyon Konsèy Komisè Konte a ak HUD.
 - c) PHCD rezève dwa pou li egzamine epi pou li jwenn aksè a tout pwogram ak sous finansman disponib ki pèmèt PHCD kontinye misyon li pou li ofri e petèt ogmante opòtinite lojman abòdab.
 - d) PHCD gen entansyon pou li pousuiv tout opòtinite HUD ki la kounye a e ki va la alavni, lè sa nesesè, ki fè pati oswa ki va fè pati pwogram Demonstrasyon Asistans pou Lwaye a (RAD). Pwogram Demonstrasyon Asistans pou Lwaye a (RAD), se HUD ki te monte li pou ede reponn a bezwen fon kapital lojman biblik la lè li bay PHCD aksè a sous prive kapital pou redévelope byen li genyen yo pou lojman abòdab.

B. Amelyore kalite lojman ki nan pwogram asistans.

1. Amelyore Rezulta Sistèm Evalyasyon Lojman Biblik la (PHAS)

- a) Kontinye amelyore rezulta li nan Sistèm Evalyasyon Lojman Biblik la (PHAS) avèk aksan sou sou-endikatè jesyon (MASS) ak enspeksyon fizik (PASS) yo.
- b) Kontinye aplike Rapò sou Enfòmasyon ak Verifikasyon Revni ElV yo (sa vle di Rapò sou Sibvansyon Militip, Rapò Verifikasyon Idantite, Rapò sou Imigrasyon, ak Rapò Zouti Validasyon Revni an).
- c) Ogmante satisfaksiyon kliyan.
 - (1) Ofri pi bon komunikasyon avèk direksyon an ak sèvis referans pou rezidan yo.

2. Konsantre sou efò pou amelyore fonksyon jesyon presi.

- a) Bay sèvis kliyantèl bon kalite pou rezidan lojman biblik yo.
- b) Bay sèvis antretyen bon kalite pou inite lojman biblik yo.
- c) Mete ann aplikasyon efò antretyen preventif.
- d) Revize opsyon yo pou garanti reyosit ekonomik Rezidans Asiste Helen Sawyer Plaza a.

3. Renove oswa modènize inite lojman biblik.

- a) Mete Plan Dakson sou 5 Ane Pwogram Fon Kapital la ann aksyon, selon finansman ki disponib. Gras a Demonstrasyon Asistans pou Lwaye a (RAD), Bidjè Fon Kapital PHCD a pral redui pwopòsyonèlman a kantite Inite Lojman Biblik transfòme nan kad RAD a.
- b) Ka konsidere mete ann aplikasyon yon kont mendèv travayè (sou plas) swa sou yon baz pèmanan

Tradiksyon ofisyèl

- oswa tanporè pou fè travay konstriksyon pou pwojè fon kapital.
- c) Sèvi avèk antreprenè pou pwojè ki prezante nan Plan Aksyon sou 5 Ane a.
 - d) Kontinye sèvi avèk Kontra Sèvis Konstriksyon, Kontra Konstriksyon Divès (MCC) 7360, (Kontra KòmannTravay la tou) si sa nesesè, pou travay divès ak reparasyon inite ki vid.
 - e) Akoz modènizasyon itilite publik, yo ka ranplase kontè prensipal biling yo, ke Lojman Publik ap peye aktyèlman, avèk kontè endividyle kote peman itilite publik yo ka vin responsabilite rezidan an.
 - f) Enkòpore mezi Prevansyon Krim gras a Amenajman Anviwònmantal (CPTED) pandan faz konsepsyon nouvo pwojè konstriksyon yo an konsiltasyon avèk depatman lapolis yo.
 - g) Ka sèvi avèk fon ki sòti nan Pwogram Finansman Fon Kapital la (CFFP) aprè apwobasyon.
 - h) Ka aplike pou fon rediksyon danje ki disponib pou ranplase oswa enstale jeneratris ak pwoteksyon fenèt nan devlopman lojman publik yo.
 - i) Egzamine epi revize estrateji pou reyabilitasyon ak redvelopman biling lojman publik yo pandan 10 lane k ap vini yo, selon bezwen.
 - j) PHCD ka modènize, renove ak/oswa redevelope devlopman lojman publik yo gras a itilizasyon pwogram Demonstrasyon Asistans pou Lwaye a (RAD) ak opsyon kombinezon Eliminasyon/RAD Seksyon 18 la, Kredi sou Taks pou Lojman a Baz Revni Fèb (LIHTC) ak tout lòt sous finansman ki disponib.
- C. Ogmante chwa lojman ki nan pwogram asistans.
1. Moun ki aplike yo ak fanmi ki la déjà yo va resevwa enfòmasyon sou opòtinite lojman ki genyen.
 2. Ka chwazi disoud lis datant yo, e si sa pi pratik pije yo tanzantan oswa lè sa nesesè.
 3. Redui kantite inite lojman publik ki vid.
 - a) Lè pa gen granmoun aje sou lis datant la ankò, Lojman Publik ka chwazi "moun ki prèske granmoun aje" pou mete yo nan inite lojman publik ki fèt pou "granmoun aje".
 - b) Kontinye mete ann aplikasyon yon pwogram pilòt pou moun ki pa gen kay, an kolaborasyon avèk Homeless Trust Miami-Dade.
 - c) Ka konsidere ajoute preferans nan politik admisyon li pou bay granmoun aje, fanmi ki gen bezwen espesyal, ak/oswa kandida ki kalifye plis asistans.

II. Amelyore kalite lavi ak vitalite ekonomik nan komunitate a.

- A. Kontinye mete ann aplikasyon amelyorasyon sekirite nan lojman publik tankou kloti, ekleraj, amelyore, oswa enstale kamera datre disponiblite finansman.
- B. Enpèmeyabilize ak pentire devlopman lojman publik yo ki ka benefisyé disponiblite finansman.
- C. Kontinye reyinyon ak konsèy rezidan yo pou bay fòmasyon sou divès aspè òganizasyon rezidan yo ak otònòm.
- D. Ka aplike pou sibvansyon ak lòt sous finansman pou bay lòt sèvis pou pwogram lojman publik.
- E. Ka modènize ak/oswa redvelopman lojman publik atravè itilizasyon pwogram RAD ak/oswa nenpòt lòt zouti ki disponib.
- F. Ka mande ekstansyon obligasyon sibvansyon yo ak dat limit pou depans yo jan li konsidere nesesè.
- G. Kontinye aplike amelyorasyon sekirite lojman publik yo.

III. Ankouraje patenarya avèk òganizasyon fòmasyon pwofesyonèl ak òganizasyon plasman nan travay.

- A. Ogmante kantite moun ki travay pami fanmi ki resevwa asistans yo.
 1. Siveye sou antreprenè yo ak soutretan yo pou asire ke yo respekte bi fòmasyon ak anplwa nan Seksyon 3 a.
 2. Fonksyon Seksyon 3 a pral kontinye ofri opòtinite pou pwogram anplwa ak fòmasyon.
 3. Chèche nouvo patenarya avèk antite publik ak prive pou amelyore sèvis sosyal ak ekonomik pou rezidan yo.
 4. Ogmante egzijans patisipasyon rezidan yo pou founisè sèvis sosyal k ap fonksyone nan lokal lojman publik yo.
 5. Ka kontinye aplike pou Sibvansyon Opòtinite ak Otònomi pou Rezidan (ROSS) an pou ede fanmi ki nan lojman publik.
 6. Idantife sèvis sipò pou ogmante endependans granmoun aje yo oswa fanmi ki gen moun andikape.
 7. Kontinye pa Pran an Earned Income Disallowance (EID) pou fanmi ki kalifye jiska 31 desam 2025 (Avi PIH

Tradiksyon ofisyèl

2023-27).

8. Kontinye enkòpore egzijans travay presi yo ki nan Seksyon 3 a nan demann reyabilitasyon lojman publik yo.

IV. Garanti Opòtinite Egal nan Zafè Lojman pou tout Ameriken.

- A. Kontinye mete ann aplikasyon Seksyon 504, Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (ADA), Lwa sou Lojman Ekitab la, ak Akò Konfòmite Volontè a (VCA) ki pral bay 459 inite ki respekte Estanda Federal Komen pou Aksesibilite a (UFAS).
- B. Kontinye mete ann aplikasyon politik sou Konpetans Limite nan lang Angle a (LEP).
- C. Rete angaje nan favorize lojman ekitab pozitivman pou garanti opòtinite egal san konsidere ras, orijin nasyonal, orijin etnik, koulè, sèks, reliyon, laj, andikap, sitiyasyon familyal, estati matrimonyal, zansèt, estati kòm viktim vyolans domestik, vyolans mennaj oswa asèlman, oryantasyon seksyèl toutbon oswa sipoze, idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl, gwosès oswa sous revni.

SEKSYON B.3- Rapò sou Pwogrè

I. Ogmante disponibilite lojman abòdab ki reflete egzijans HUD ak egzijans lokal.

- A. Ogmante kantite lojman ki nan pwogram asistans.
 1. Sèvi ak fon prive oswa lòt fon publik epi/oswa pwodui revni pou kreye plis opòtinite lojman.
 - a) Nou te ogmante rekouvreman dèt ansyen patisipan yo te genyen gras a enfòmasyon ki te anrejistre nan Dèt Moun Dwe PHA yo.
 - b) Te evite ka sibvansyon doublé gras a idantifikasyon kandida k ap resevwa asistans pou lojman pandan seleksyon inisyal la.
 - c) Te ogmante kantite inite ki disponib yo gras a anilasyon asistans lojman pou fanmi yon sèl moun ki te nan lis Rapò Lokatè ki Mour yo.
 2. Te achte, bati, oswa reyabilite inite (gade lis detaye a nan Rapò sou Pwogrè Plan Ànyèl la).
- B. Amelyore kalite lojman ki nan pwogram asistans.
 1. Amelyore Rezulta Sistèm Evalyasyon Lojman Publik la (PHAS)
 - a) Evalyasyon PHCD dapre PHAS annatant pou fen ane fiskal la 30 septanm 2022.
 - b) Nou te kontinye anile regilyèman dèt ak pwofit balans pèt sou prè yo epi idantifye fwòd ki gen pou wè avèk kont kliyan.
 2. Ogmante satisfaksiyon kliyan.
 - a) Nou te tabli yon evalyasyon risk pou bezwen pwoteksyon ak sekirite.
 - b) Nou te bay kamera, amelyorasyon teknolojik, ak plis prezans lapolis nan Liberty Square pou redui oswa anpeche krim nan zòn nan.
 - c) Nou te mete ann aplikasyon mezi pou redui oswa anpeche krim pou pwojè lojman publik yo jan sa detaye pi ba a:
 - (1) Nou te remete kamera yo nan bon eta fonksyònman
 - Edison Plaza
 - Goulds Plaza
 - Gwen Cherry 22
 - Newberg
 - (2) No te remete kamera yo nan bon eta fonksyònman epi ogmante prezans lapolis
 - Arthur Mays Village
 - Claude Pepper
 - Gwen Cherry 14
 - Liberty Square
 - Naranja

Tradiksyon ofisyèl

- Phyllis Wheatley
- Ward Towers 1 and 2

3. Ogmante chwa lojman ki nan pwogram asistans.

Pou abòde risk sitiayson sanzabri, PHCD te fè nan yon Memorandòm Konpreyansyon avèk Homeless Trust Konte Miami-Dade pou referans moun ki sanzabri ki ap fè tranzisyon soti nan yon chèltè, pwogram lojman tranzisyon, pwogram rapid re-lojman, oswa lojman pèmanan. Pwogram nan gen yon total de 50 inite lojman pou sanzabri.

4. Konsantre sou efò pou amelyore fonksyon jesyon espesifik.

a) Nan dat 16 septanm 2015, Konsèy Komisyònè Konte a te apwouve Rezolisyon Nim. R-772-15, pou mete ann aplikasyon mezi konsèvasyon enèji nan diferan lokal lojman publik.

C. Ogmante chwa lojman ki nan pwogram asistans.

1. Nou te kontinye okipe demann nou te resevwa pandan peryòd enskripsyon lib 2014 yo.

2. Nou te redui kantite inite vid yo gras a senplifikasyon pwosesis seleksyon an ak rediksyon tan pou rekipere inite a.

D. Amelyore kalite lavi ak vitalite ekonomik nan kominate a.

1. Nou te mete ann aplikasyon yon politik ki okipe fanmi ki gen revni ki depase yo nan Pwogram Lojman Publik la.

2. Nou te adopte yon politik anti-tabak konfòmeman a règleman HUD 24 CFR Pati 965 ak 966 ak Rezolisyon Nim. R-1003-15 ak R-582-16 Konsèy Komisyònè Konte Miami-Dade yo.

3. Ogmante disponibilité lojman abòdab ki reflete egzijans HUD ak egzijans lokal.

a) Ogmante kantite lojman ki nan pwogram asistans lè nou idantife devlopman delabre yo pou renove yo.

E. Ankouraje patenarya avèk òganizasyon fòmasyon pwofesyonèl ak òganizasyon plasman nan travay.

1. Ogmante kantite moun ki travay nan fanmi ki ap resevwa asistans.

2. Kontinye bay fanmi ki kalifye yo Earned Income Disallowance (EID) jiska 31 desanm 2025 (Avi PIH 2023-27).

F. Garanti Opòtinite Egal nan Zafè Lojman pou tout Ameriken.

1. Nou te siyen yon kontra pou tradiksyon oral ak ekri.

2. Nou te ogmante kantite inite ki respekte Estanda Federal Komen yo pou Aksesibilite (UFAS).

3. Yon amannman HUD te pibliye te pwolonje dire Akò Konfòmite Volontè a (VCA) jiska 21 janvye 2019 epi ki egzije Lojman Publik konvèti 459 inite.

4. Nou te kontinye mete ann aplikasyon egzijans VCA yo pou fè biwo li yo ak inite lojman publik li yo ki nan pòtfèy PHCD a aksesib, nan tout konte a.

5. Te kontinye ofri akomodasyon rezonab pou pwogram lojman ak sèvis pou moun ki gen andikap.

6. Te rasanble done apati de lis datant ki genyen kounye a yo gras a kesyonè apre demann pou mezire bezwen kliyan yo ki gen pou wè avèk andikap.

Tradiksyon ofisyèl

2yèm Pati – Bon pou Chwazi Lojman

SKESYON B – ELEMAN NAN PLAN 5 ANE PHA A KI APLIKAB POU PWOGGRAM BON POU CHWAZI LOJMAN AN

SEKSYON B.2- Bi ak Objektif

I. Ogmante disponibilite lojman abòdab ki reflete egzijans HUD ak egzijans lokal.

A. Ogmante kantite lojman ki nan pwogram asistans.

1. Sèvi ak fon prive oswa lòt fon publik epi/oswa pwodui revni pou kreye plis opòtinite lojman.
 - a) Fè demann finansman, sibvansyon ak lòt opòtinite finansman parèy ki ka vin disponib pou renove epi/oswa kreye plis lojman ak travay ki gen pou wè avèk sa.
 - b) Verifye enfòmasyon sou chak manm fanmi an gras a Verifikasyon Revni Antrepriz la (EIV) pou wè si yo gen dèt pou lòt otorite lojman ak si yo gen sibvansyon doub.
 - c) Kontwole Rapò sou Lokatè ki Mouri ki disponib nan EIV.

B. Amelyore kalite lojman ki nan pwogram asistans.

1. Amelyore rezulta nòt nan Pwogram Evelyasyon Jesyon Seksyon 8 (SEMAP)
 - a) Mentni Degre Pèfòmans Elve nan Pwogram Evelyasyon Jesyon Seksyon 8 (SEMAP).
 - b) Kontinye aplike Rapò sou Enfòmasyon ak Verifikasyon Revni EIV yo (sa vle di Rapò sou Sibvansyon Miltip, Rapò Verifikasyon Idantite, Rapò sou Imigrasyon, ak Rapò Zouti Validasyon Revni an).
2. Ogmante satisfaksiyon kliyan.
 - a) Ofri komunikasyon amelyore avèk direksyon an.
 - b) Seksyon 8 va kontinye resevwa e evalye sondaj kliyan pou amelyore komunikasyon.

C. Ogmante chwa lojman ki nan pwogram asistans.

1. Moun ki aplike yo ak fanmi ki la deja yo va resevwa enfòmasyon sou opòtinite lojman ki genyen.
2. Ka chwazi disoud lis datant yo, e si sa pi pratik pije yo tanzantan oswa lè sa nesesè.
3. Ogmante itilizasyon bon yo.
 - a) Ka konsidere ajoute preferans nan politik admisyon li pou bay granmoun aje, fanmi ki gen bezwen espesyal, ak/oswa kandida ki kalifye plis asistans.
 - b) Selon bezwen an, nou ka bay bon pou sèvi nan devlopman ansanm ak relokalizasyon ak enstalasyon nan sit.
4. Ofri pwogram sansibilizasyon pou ogmante patisipasyon pwopriyetè.

D. Amelyore kalite lavi ak vitalite ekonomik nan kominote a.

1. Ka fè demann sibvansyon ak lòt sous finansman pou ofri plis sèvis nan pwogram lojman publik yo.
2. Ka mande pwolongasyon dènye delè obligasyon sibvansyon yo ak depans yo lè yo jije sa nesesè.
3. Ankouraje yon politik antitabak konfòmeman a Rezolisyón Komisyonè Konte Miami-Dade Nim. R-1003-15 ak R-582-16.

E. Ankouraje patenarya avèk òganizasyon fòmasyon pwofesyonèl ak òganizasyon plasman nan travay.

1. Ogmante kantite moun ki travay pami fanmi ki resevwa asistans yo.
 - a) Kontinye pa Pran an Kont Revni Travay (EID) pou fanmi ki kalifye.

F. Garanti Opòtinite Egal nan Zafè Lojman pou tout Ameriken.

1. Kontinye mete ann aplikasyon politik sou Konpetans Limite nan lang Angle a (LEP).
2. Kontinye favorize lojman ekitab pozitivman pou garanti opòtinite egal san konsidere ras, orijin nasional, orijin etnik, koulè, séks, relijyon, laj, andikap, sitiayson familyal, estati matrimonyal, zansèt, estati kòm

Tradiksyon ofisyèl

viktim vyolans domestik, vyolans mennaj oswa asèlman, oryantasyon seksyèl toutbon oswa sipoze, idantiite seksyèl, ekspresyon seksyèl, gwochès oswa sous revni.

SEKSYON B.3- Rapò sou Pwogrè

I. Ogmante disponibilite lojman abòdab ki reflete egzijans HUD ak egzijans lokal.

A. Ogmante kantite lojman ki nan pwogram asistans.

1. Sèvi ak fon prive oswa lòt fon piblik epi/oswa pwodui revni pou kreye plis opòtinite lojman.
 - a) Nou te ogmante rekouvreman dèt ansyen patisipan yo te genyen gras a enfòmasyon ki te anrejistre nan Dèt Moun Dwe PHA yo.
 - b) Te evite ka sibvansyon doub gras a idantifikasyon kandida k ap resevwa asistans pou lojman pandan seleksyon inisyal la.
 - c) Te ogmante kantite inite ki disponib yo gras a anilasyon asistans lojman pou fanmi yon sèl moun ki te nan lis Rapò Lokatè ki Mouri yo.

B. Amelyore kalite lojman ki nan pwogram asistans.

1. Amelyore rezulta nòt nan Pwogram Evalyasyon Jesyon Seksyon 8 (SEMAP)
 - a) Nan kad SEMAP a, PHCD te pran Degre Pèfòmans Elve (li te fè nòt 90 pouzan) pou ane fiskal ki te fini 30 septanm 2022 a.
 - b) Ogmante satisfaksyon kliyan.

C. Ogmante chwa lojman ki nan pwogram asistans.

1. PHCD te fin itilize lis datant 2021 ki baze sou lokatè anvan 31 desanm 2023, ki te fè yon peryòd enskripsiyon ouvè soti 5 fevriye 2024 rive 19 fevriye 2024, pou Pwogram Bon pou Chwa Lojman Seksyon 8 epi planifye pou kòmanse pwosesis seleksyon an nan mwa me 2024 pou pi ta.
2. Nou te kontinye okipe demann nou te resevwa pandan peryòd enskripsiyon lib/ouvè 2014 la pou Pwogram Reyabilitasyon Modere nan Seksyon 8 la.
3. Nou te ogmante egzekisyon bon yo gras a senplifikasyon pwosesis seleksyon an ak rediksyon tan pou emèt bon yo.

D. Amelyore kalite lavi ak vitalite ekonomik nan komunitate a.

1. Ogmante disponibilite lojman abòdab ki reflete egzijans HUD ak egzijans lokal.
2. Nou te ogmante opòtinite ekonomik pou fanmi ki gen revni fèb yo.

E. Garanti Opòtinite Egal nan Zafè Lojman pou tout Ameriken.

1. Nou te siyen yon kontra pou tradiksyon oral ak ekri.
2. Te kontinye ofri akomodasyon rezonab pou pwogram lojman ak sèvis pou moun ki gen andikap.

Tradiksyon ofisyèl

3yèm Pati – Lojman Biblik ak Bon pou Chwazi Lojman

SEKSYON B.4 Bi Lwa sou Vyalans Kont Fanm (VAWA).

I. Politik

- A. PHCD konfòme a lwa federal Lwa sou Vyalans Kont Fanm nan ("VAWA") pandan I ap ofri pwoteksyon pou viktim vyalans domestik, vyalans mennaj, agresyon seksyèl ak asèlman (viktim VAWA). Konfòmeman a VAWA ak PIH Notice 2017-08, PHCD (i) avize lokatè lojman biblik ak patisipan nan Seksyon 8, dwa yo daprè VAWA; (ii) pwoteje lokatè elijib ak manm fanmi otorize kont degèpisman oswa anilasyon assistans Seksyon 8 akoz sitiayson yo kòm viktim VAWA; (iii) ka anile/sispenn/mete fen a dwa lokasyon oswa okipasyon nan lojman biblik oswa assistans Seksyon 8 pou yon agresè pandan PHCD ap pwoteje dwa viktim VAWA a ak lòt manm fanmi otorize; (iv) pwoteje aplikan elijib kont refi admisyon akoz sitiayson yo kòm viktim VAWA; (v) bay viktim VAWA ki elijib transfè nan kad plan Lojman Biblik li ak plan transfè dijans nan Seksyon 8 li; epi (vi) mete lokatè an kontak avèk resous ak lòt opsyon lojman altènatif.
- B. Pwogram Lojman Biblik
 1. Chapit XIV: Lwa sou Vyalans Kont Fanm (ACOP)
 2. Adanda nan Kontra Lwaye Kay la #2 (Akò Kontra Lwaye pou Lokatè Lojman Biblik)
- C. Pwogram Seksyon 8
 1. Chapit 2.4 (F) Lwa sou Vyalans Kont Fanm (Plan Administratif Seksyon 8)
 2. Pyès atache D: Transfè Dijans pou Viktim Vyalans Domestik, Vyalans Mennaj, Agresyon Seksyèl, oswa Asèlman pou Pwogram Seksyon 8 (Plan Administratif Seksyon 8)

II. Asistans pou Viktim Vyalans Domestik, Vyalans Mennaj, Agresyon Seksyèl oswa Asèlman

- A. PHCD dwe refere viktim vyalans domestik, vyalans mennaj, agresyon seksyèl oswa asèlman bay Biwo Pwokirè Jeneral Eta Florid la, bay Biwo Pwokirè Eta Konte Miami-Dade la, oswa bay Depatman Fòsdelòd Florid pou yo aplike pou patisipasyon nan Pwogram Konfidansyalite Adrès pou Viktim Vyalans Domestik.
- B. PHCD ka kolabore avèk antite konsèy apwopriye a antite fòsdelòd apwopriye pou ede viktim vyalans domestik, vyalans mennaj, agresyon seksyèl oswa asèlman, ansanm ak men pa sèlman sèvis ak pwogram annapre yo pou viktim vyalans domestik:
 1. Sant Sètifye pou Vyalans Domestik:
 - a) Safespace Shelter: 305-375-5126
 - b) The Lodge: 305-375-5126
 2. Domestic Violence One Stop Center:
 - a) Coordinated Victims Assistance Center (CVAC): 305-375-5126

III. Bi VAWA:

Objektif:Ede rezidan ki viktim vyalans domestik, vyalans mennaj, agresyon seksyèl oswa asèlman pou yo jwenn yon transfè konfidansyèl akselere epi pou ogmante sekirite yo.

A. Ka VAWA ki Apwouve

Ant 1ye janvy 2023 e 30 septanm 2023, PHCD te apwouve 31 ka ki te apwouve pou transfè nan kad Pwogram Lojman Biblik la and de 51 ka ki te apwouve pou transfè nan kad Pwogram HCV a.

IV. Konsèy Komisyònè Konte pou Konte Miami-Dade

Jan sa apwouve nan Rezolisyon Konsèy Komisyònè Konte Nim. R-595-12 genyen ansèy ki afiche nan twalèt biblik biling Konte Miami-Dade posede oswa ap administre. Ansèy sa yo ofri kowòdone ak èd pou viktim vyalans domestik.